Байрамлар ўз-ўзидан байрам шаклига келмайди, уни ташкил этиш керак. Кишилар имкониятини ҳисобга олиб, замон талабларидан келиб чиқиб, миллийлик, урф-одат, анъаналарга содиқ қолган ҳолда, мавзу ва ғоя уйғунлигида ташкил этилган байрам ва томошалар юқори даражада ўтказилган тадбирлардан ҳисобланади. Чунки инсонлар байрамларга маданий ҳордиқ чиқариш учун, бўш вақтини тўғри ташкил этиш учун, эстетик завқланиш, кайфиятини кўтариш ва бошқа ижобий ҳислатларни жо қилиш учун келади. Бу эса унинг эртанги кундаги амалга оширадиган ижобий ишларига қизиқишини янада орттиришга, ўз меҳнатидан завқ олишига, меҳнат унумдорлигига эришишига, оиласи, Ватанни севишга, ижтимоий ҳаётга муносабатини яхшилик томонга ўзгартиришига олиб келади.

Байрамларни ташкил этишнинг асосий мақсади ҳам шунга қаратилган.

Майдон томошаларида байрам раҳбари ва бош режиссёр раҳбарлигида юздан ортиқ турли тоифа саҳналаштирувчи ижодкорлар – оммавий томошалар бош режиссёрлари, бош балетмейстер, бадиий лавҳалар бош балетмейстерлари, оркестрлар ва ансамбллар раҳбарлари, мувофиқлаштирувчи режиссёрлар, саҳналаштирувчи режиссёрлар, шунингдек қатор саҳналаштирувчи балетмейстерлар, рассомлар, сухандонлар, овоз режиссёрлари, овоз операторлари, ижодий-ташкилий гуруҳ, либосчилар, пардозловчилар, техник таъминотчилар байрамни тайёрлаш ва ўтказишдек сермашаққат ишни амалга оширадилар [6:9].

Куй, қўшиқлар ва мусиқа барчамизнинг ҳаётимизга шундай сингиб кетганки, байрамларни санъатнинг бу турисиз тасаввур қилиш мумкин емас. Демак мусиқа, унинг оммавий байрам ва томошаларда тўтган ўрни ва роли, бастакорлик ижоди ҳақида:

Байрам қатнашчиларини кийинтириш, мавзуга мос равишда либос танлаш жараёни ҳам байрам ёки томошада томошавийликка эришишининг муҳим шартидир. Демак, либослар ва улардан фойдаланиш тўғрисида фикр юритамиз.

Мана шу еттита фаолият (соҳа) замонавий байрамлар режиссураси ва уни тўғри ташкил этишнинг асосий мезонидир. Замонавий байрамларни ташкил этишда кишиларнинг маьнавий эҳтиёжини қондириш, замон, давр талабига мос яшаш, жамият тараққиётига ҳисса қўшиш каби хислатларни унинг мазмунига сингдириш асосий вазифалардан ҳисобланади.

Оммавий байрамлар маданий тадбирларнинг олий кўриниши бўлиб, инсоният тарихининг ривожланиши билан такомиллашиб келган. Шунинг учун ҳам мазкур дарснинг асосий қисми байрамлар мавзусига қаратилган.

Шарқнинг буюк олими Маҳмуд Қошғарий “Байрам-халқнинг шодлик ва хурсандчилик кунидир” [7:447], деган эди. Бирор-бир муҳим ижтимоий воқеа, санани кўпчилик бўлиб, кўтаринки руҳда, хурсандчилик билан нишонлаш байрам деб тушинилади.

**Адабиётлар**

1. Аҳмедов Ф. “Оммавий байрамлар режиссураси асослари”. –Т.: “Аълоқачи”, 2008.
2. Қорабоев У. “Ўзбек халқ байрамлари”. –Т.: “Шарқ”, 2002.
3. Муҳаммад Ҳ. “Сценарийнавислик асослари”, –Т.: “Фан ва технология”, 2008.
4. Умаров М. “Эстрада ва оммавий тамошолар тарийхи”. –Т.: “Янги аср авлоди”, 2009.
5. Ўзбекистон санъати (1991-2001 йиллар). Ўзбекистон бадий академияси санъатшунослик илмий тадқиқот институти. -Т.: «Чарқ», 2001, 195-б.
6. Немиров О. Праздничный город. –Л.: 1987. –С. 9.
7. Махмуд Қошқарий. “Девону луғоту-турк”, 1 том. –Т.: “Fan”, 1963, 447.

**РЕЗЮМЕ.** Республикамизда байрамларни ташкил этишга бўлган эътибор жудаям кучайди. Байрамлар маданий тадбирларнинг асосий бўлакларидан бири сифатида юртимизнинг барча хонадонларигача кириб бормоқда. Маданият муассасалари ва санъат масканларида, умуман, санъат ёки маданият соҳасига тегишли бўлмаган ташкилотларда ҳам байрамларни юқори савияда ташкил этишга катта эътибор берилмоқда.

**РЕЗЮМЕ.** Внимание к организации праздников в нашей стране растет. Праздники как одна из основных частей культурных мероприятий охватывают все дома страны. Большое внимание уделяется организации торжеств на высоком уровне в учреждениях культуры и арт-площадках, а также в организациях, не относящихся к сфере искусства или культуры в целом.

**SUMMARY.** The attention paid to the organization of holidays in our country. Holidays as one of the main parts of cultural events are reaching all homes of the country. Great attention is paid to the organization of celebrations at a high level in cultural institutions and art venues, as well as in organizations that do not belong to the field of art or culture in general.

**UDK. 32-(96-97):19-20**

## QARAQALPAQ XALÍQ DÁSTÚR QOSÍQLARÍ – XALQÍMÍZDÍŃ ÁJAYIP ÓNERLERINIŃ BIRI

**G.Xodjametova –** *tariyx ilimleriniń kandidatı, docent*
*Ózbekstan mámlekelik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so'zlar:** folklor, baxshi, jirov, qıssaxon, shoyir, xalq dastur qo‘shiqlar.
**Ключевые слова:** фольклор, бахши, жиров, рассказ, поэт, песни народного творчества.
**Key words:** folklore, bakhshi, jirov (bard), story, poet, folk songs.

Qaraqalpaq xalqı bay ruwxıy mádeniyatqa iye. Ásirese, awızeki ádebiyat xalqımızdıń ásirler boyı ajıralmas joldası bolıp, onıń arzıw-ármanın, tilegin, milliy tariyxımızda tereń iz qaldırǵan elewli waqıyalardı sáwlelendiriwde úlken áhmiyetke iye bolıp keldi. Bul altın ǵáziyneniń bizge shekem jetip keliwinde folklordıń aytıwshıları – baqsılar, jırawlar, qıssaxanlar, shayırlar, ertekshiler hám t.b. adamlar úlken xızmet isledi. Ǵárezsizlik dáwirine kelip, biziń ruwxıy mádeniyatımız tariyxında baxsıshılıq óneri burın kórilmegen dárejede rawajlandı.

Qaraqalpaq xalıq dástúr qosıqlarınıń rawajlanıw baǵdarların házirgi waqıtta xalqımızdıń ruwxıy turmısında úlken rol’ oynap kiyatırǵan toy baslar, bet ashar, sıńsıw, joqlaw hám t.b. janrlardıń házirgi waqıttaǵı rawajlanıw ózgesheligine toqtap óttik. Olardıń hár qaysısına toqtap, atı atalǵan janrlardıń xalqımızdıń dástúri, úrip-ádeti, dúnya tanımı menen baylanısın ashıp beriwge umtıldıq [1].

Xalıq dástúr qosıqları – xalqımızdıń ájayıp ónerleriniń biri. Olar uzaq hám bay tariyxqa iye bolıwı menen birge, óziniń xalıqshıllıǵı, milliyligi menen ózgeshelenedi. Sonlıqtan, folklortanıw iliminde xalıq dástúr qosıqların izertlew, janrlıq jaqtan klassifikaciyalaw boyınsha bıraz izertlew jumısları islendi. Bul boyınsha N.Dáwqaraev, O.Kojurov, N.Baskakov, Q.Ayımbetov, Q.Maqsetov, N.Kamalov, Á.Tájimuratov, M.Nızamatdinovlardıń miynetleri belgili.

Bizge belgili, bul xalıq dástúr qosıqların izertlew jumısları burınǵı awqam dáwirinde islendi. Ol dáwirdiń ideologiyası xalıq qosıqlarına tolıq túrde durıs ilimiy baha beriwge múmkinshilik bermedi. Sonlıqtan, xalıq

miyrasların qayta izertlew, jıynaw, olarǵa anıq obiektiv ilimiy baha beriw folklortanıw iliminiń aldında turǵan wazıypalardıń biri bolıp esaplanadı.

Al, házirgi dáwir, yaǵnıy, xalqımızdıń úlken tariyxıy dáwiri bolǵan ǵárezsizlikke erisip, jańa demokratiyalıq jámiyet qurıw jolına túsken dáwirindegi xalıq qosıqların izertlew isi folklortanıw iliminde izertlenbegen, izertleniwi kerek, ilimiy jaqtan úlken áhmiyetli máselelerdiń biri bolıp tabıladı.

Qaraqalpaq xalqınıń awızeki dóretiwshiliginde, olardıń ajıralmas bólegi bolǵan xalıq qosıqlarınıń, lirikalıq qosıqlarınıń, ashıqlıq dástanlarınıń bizge shekem jetip keliwinde baqsılarımız teńi-tayı joq xızmet islegen. Olardıń bul xızmetin izertlewde ataqlı rus alımları menen birge jergilikli ilimpazlarımızdan N.Dáwqaraev, Q.Ayımbetov, Á.Alımov, sonday-aq, A.Allamuratov hám t.b. kóplegen miynetlerin baspadan shıǵardı. Bul janrǵa birinshi joqarı baha bergen ilimpazlar Sh.Wáliyxanov, A.Divaev, I.Belyaevlar bolsa, bunnan soń olardı jıynaw hám izertlew isi XX ásirdiń 20-30-jıllardan baslap qolǵa alındı. Qaraqalpaq xalıq qosıqların dáslep 1926-27-jılları N.A.Baskakov basshılıǵındaǵı, 1933-1938-jılları N.A.Baskakov qaytadan shólkemlestirgen folklorlıq-lingvistikalıq ekspediciyada jıynaldı hám olar klassifikaciya etildi [2:192].

1960-jılları qaraqalpaq xalıq dástúr qosıqları arnawlı túrde ilimiy izertlew jumıslarınıń obektine aynaldı. Á.Tájimuratov «Oktyabr revolyuciyasına shekemgi qaraqalpaq xalıq qosıqları», N.Kamalov «Watandarlıq urıs dáwirindegi qaraqalpaq xalıq qosıqları», M.Nizamatdinov «Watandarlıq urıstan sońǵı jıllardaǵı qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń ósiw jolı» degen temalar tiykarında ilimiy jumıslar júrgizildi. Bul izertlewler janrdıń 60-jıllarǵa shekemgi rawajlanıwın izertlew menen sheklendi. 60-jıllardan sońǵı hám ǵárezsizlik dáwirdegi qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń rawajlanıw jaǵdayın izertlew folklortanıw iliminde derlik qolǵa alınǵan joq.

Biz usı jumısımızda ǵárezsizlik jıllarındaǵı qaraqalpaq xalıq dástúr qosıqlarınıń (toy baslar, bet ashar, háwjar, sıńsıw, háyyiw, joqlaw) rawajlanıw jolın, olardıń dóreliw dereklerin anıqlaw, onı alıp júriwshiler, xalıq qosıqların dóretiwshi kórkem óner iyeleri, improvizatorlar, házirgi zaman xalıq qosıqlarınıń ideya-tematikalıq ózgesheligi, kompoziciyası, ulıwma, xalıq dástúr qosıqlarınıń poetikası haqqında sóz etiwge háreket ettik.

Biz házirgi dáwirde payda bolǵan xalıq dástúr qosıqlarınıń dóreliw hám bayıw dereklerin anıqlaw, onıń házirgi tiykarǵı atqarıwshıları hám alıp júriwshilerdiń dóretiwshiligin uyreniw, dástúr hám jańashıllıq máselesin anıqlaw ushın biz tómendegi máselelerdi izertlewdi óz aldımızǵa maqset etip qoydıq.

– Xalıq dástúr qosıqlarınıń házirgi dáwirdegi xalıq arasında jasaw jaǵdayların izertlew;

– Jańa payda bolǵan xalıq dástúr qosıqlarınıń dátúriy xalıq qosıqları menen mazmun hám poetikası jaǵınan jaqınlıǵın hám ózgesheligin anıqlaw, dástúr hám jańashıllıq máseleleriniń kóriniw processin izertlew [3:79-80];

– Xalıq dástúr qosıqlarınıń ideya-tematikalıq, poetikalıq, stillik, kórkemlik ózgesheliklerin anıqlawdan ibarat;

Qaraqalpaq folklortanıwında qaraqalpaq xalıq dástúr qosıqları, ondaǵı toy baslar, bet ashar, sıńsıw, joqlaw qusaǵan túrleri óz aldına izertlew jumısınıń ob'ekti retinde izertlenildi. Házirgi zaman qaraqalpaq xalıq qosıqlarınıń jıynalıw, izertleniw tariyxı, házirgi zaman xalıq qosıqlarında dástúr hám jańashıllıq xalıq qosıqlarınıń bayıw derekleri anıqlanadı.

Házirgi dáwirdegi qaraqalpaq xalıq dástúr qosıqlarınıń eń baslı ózgesheligi sonda, xalıqtıń ekonomikalıq, materiallıq hám ruwxıy rawajlanıwı, siyasiy kózqaraslarınıń tereńlesiwi sebepli olardıń turmıs shınlıǵın súwretlewi ádewir tereńlesip, milliy oyanıwdı, ekologiyalıq mashqalanı, siyasiy-jámiyetlik kózqaraslardı sáwlelendiriwde úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

Házirgi dáwir xalıq dástúr qosıqlarınıń ótken dáwirlerdegi xalıq qosıqlarınan ekinshi bir ózgesheligi olardıń jazba ádebiyat penen tıǵız baylanıslılıǵında. Lekin, bunday baylanıstıń tásiri menen awız ádebiyatınıń jasaw, dóretiliw hám t.b. ózine tán xarakterli ózgeshelikleri de saqlanıp qalǵan.

Xalıq dástúr qosıqların klassifikaciyalaw máselesi elege shekem tartıslı pikirlerdi júzege shıǵaradı. Bizge shekemgi qaraqalpaq xalıq dástúr qosıqların klassifikaciyalaǵan ilimpazlar tiykarınan tematikalıq principti basshılıqqa alǵan. Janrlıq ózgesheligine tereńnen tallaw jasalmaǵan. Negizinde xalıq qosıqları da folklor dıń basqa tarawlarınday janrlıq jaqtan óz aldına ǵárezsiz jasaytuǵın birneshshe bóleklerge bólinedi. Usını keleshek izertlewlerimizde esapqa alıwımız tiyis [4:196].

Toy qosıqları cikline kiretuǵın bet ashar janrı óz aldına janr bolıp qáliplesken, belgili bir qálipke túsken, ayrıqsha dóreliw forması bar xalıqlıq dóretpe. Házirgi dáwirde bet ashar jırları tayın formalarǵa salınıp, xalıqlıq nama ırǵaǵı menen tek mazmunı ózgergen halında jasap keledi. Aytımlar cikline kiriwshi yaramazan, tilek, pátiya sıyaqlı janrlar ǵana házirgi kúnde jasap turıptı. Xalıq awızeki dóretpelerin klassifikaciyalaw processindegi eń baslı kemshilikleriniń biri sonda, kóbinese, ádebiy tekst, muzıka hám xoreografiyalıq elementlerdi bir-birinen ajıratıp qaraladı. Ekinshi bir jaǵınan, klassifikaciyalawda tematikalıq, sociologiyalıq yamasa etnografiyalıq principlerge súyeniledi. Demek, folklor janrların klassifikaciyalawda turaqlı bir kriteriyanıń islenip shıǵılmaǵanlıǵı onı ele de tereńirek izertlewge tosqınlıq islemekte.

Sonıń menen birge, xalıq qosıqların dástúrge baylanıslı hám dástúrlerge baylanıslı emes dep bóliwdiń ózi de shártli túrde ekenligin túsiniwimiz kerek. Bizge belgili, hár qanday ádebiy formadaǵı dóretpeler, sonıń ishinde, lirikada da jasap turǵan ortalıqtıń tipiklestirilgen kórinisi sáwlelendiriledi. Demek, xalıq dástúr qosıqlarında da xalıq kewil kúyi, ruwxıy keshirmeleri tipik formada sáwlelenedi. Usı kewil keshirmeler ózine tán ulıwmalıqqa iye ádebiy forma átirapında jámlesedi. Usı ulıwmalıq belgiler dóretpelerdi janrlarǵa bóliwde tiykar bolıp esaplanadı [5:119].

Hár qanday ádebiy processlerdegi sıyaqlı, xalıq dástúr qosıqları da óziniń rawajlanıw processinde belgili dárejede janrlıq, ideyalıq-tematikalıq jaqtan ózgerislerge ushıraǵanınıń guwası boldıq. Biz xalıq qosıqlarınıń ishki mazmunın ashıp beriw maqsetinde onıń ideyalıq baǵıtın, kompoziciyasın, shıǵarmalardıń tilin, ulıwmalastırıp aytqanda, onıń poetikasın sistemalı ráwishte kórip óttik.

Xalıq dóretpeleridegi kópshilik janrlarda dástúrli kompoziciyalıq forma hám sol janrdıń tiykarında jatırǵan ideyanıń turaqlılıǵı saqlanadı. Házirgi dáwirdegi xalıq dástúr qosıqlarınıń kópshilik janrlarınıń kompoziciyasın tiykarınan usı baǵıtta izertlew múmkin.

## Ádebiyatlar


1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti Shavkat Mirziyoyevning xalqaro baxshichilik san’ati festivali ochilishiga baǵishlangan tantanali marosimdagi nutqi / «Xalq so‘zi», 2019 yil, 7 aprel. №68 (7298) son.
2. Айымбетов Қ. Халық даналығы. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1988, 192-б.
3. Айымбетов Қ., Кожуров О. Қарақалпақ әдебиятынын түрлери. // Қарақалпақстан әдебияты ҳәм искусствосы. 1939. № 4-5 (38). 79-80-б.
4. Валиханов Ч. Полн. Собр. Соч. том И. -Алма-ата: 1961. 196-б.
5. Гусев В.Е. Эстетика фольклора. –Л.: 1967. –С. 119.

**REZYUME.** Qoraqalpoq xalqi boy madaniy ma'rifatga ega. Xususan, og'zaki adabiyot xalqimizning asrlar davomida ajralmas yo'li bo'lib, uning orzularin, milliy tariximizda chuqur iz qoldirgan uning intilishlari, ahamiyatli voqealarini aks ettirdi.

**РЕЗЮМЕ.** Народ Каракалпакстана имеет богатое культурное наследие. В частности, устная литература была неотъемлемой частью нашего народа на протяжении веков, отражая её мечты, отчаяния, важные события, которые оставили глубокий след в нашей национальной истории.

**SUMMARY.** The people of Karakalpakstan have a rich cultural heritage. In particular, oral literature has been an integral part of our people for centuries, reflecting dreams, despair, important events that left a deep mark in our national history.

## БАЛАЛАР ҲӘМ ЖАС ӨСПИРИМЛЕР ТЕМАСЫНДАҒЫ МАТЕРИАЛЛАРДЫҢ ТӘСИРШЕҢЛИГИ ҲӘМ НӘТИЙЖЕЛИЛИГИ

**М.А.Қудайбергенов –** *ассистент оқытыўшы*

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*

**Таянч сўзлар:** глобаллашув, жамият, матбуот, болалар, типология, мақсад, жанр, маҳорат, таълим-тарбия, ижод, масала, мавзу.

**Ключевые словы:** глобализация, общество, пресса, дети, типология, цель, жанр, мастерство, воспитание, творчество, проблема, предмет.

**Key words:** globalization, society, press, children, typology, goal, genre, skill, education, creativity, problem, subject.

Соңғы ўақытлары дүньядағы информация тараўындағы ҳәр түрли қарама-қарсылық ҳәм мағлыўматлардың бир-биринен парықланып турыўы көпшиликтиң сана-сезимине ҳәр қыйлы тәсир пайда етпекте. Әсиресе, бундай жағдайда балалар ҳәм жаслар тәрбиясы мәселеси өзиниң әҳмийетлилиги менен айрықша көзге тасланады. Балалар ҳәм жас өспиримлердиң санасына миллий үрп-әдет, ата-бабалар мийрасларын сиңдириў, олардың сана-сезиминде ана Ўатанға деген үлкен сүйиспеншилик сезимлерин оятыў ҳәм сиңдириў баслы ўазыйпалардан бири болып қалады [1:84-87]. Әлбетте, бунда ғалаба хабар қуралларының хызметинен кең түрде пайдаланыў мақсетке муўапық.

Бүгинги күнде Қарақалпақстанда "Жеткиншек" газетасы бирден-бир балалар ҳәм жас-өспиримлер басылымларынан бири. Онда кишкене класс оқыўшысынан баслап жоқары класс оқыўшыларына шекемги аудитория қамтып алынған. Сонлықтан, газетаның бир санының өзинде аудиторияның түрли қатламына арналған материаллар орын алады. Мысалы, киши балалар ушын ертек, болған ўақыялар, үлкен балалар ушын психологиялық кеңеслер, клублар, солардың бири жоқары класс оқыўшыларына арналған "Желқом"ды келтирип өтиўге болады.

Газета жыл сайын жазылыўдың төменлеўи, газетаны оқыўшыларының кемейиўи менен бирге, балалар ҳәм жас өспиримлердиң түрли информациялар орайында қалып, қайсысы туўры, қайсысы жалғанлығын айыра алмай қалыўына алып келип атыр. Нәтийже бүгинги күнге келип, әсиресе соңғы жыллар интернет әлеминдеги көпшилик ойынлар бузғыншылыққа қурылғанын түсинбей, оның ишине кирип кетип атырған жағдайларды да көрип турмыз. Балалардың сана-сезимине, ой-өрисине кери тәсир жасап, жас әўладтың саламат болып қәлиплесиўине жаман тәсир өткерип атырған информациялардан келешек әўладымызды қорғаў, оларды ҳәр тәреплеме саламат, билимли, күшли, өз позициясына ийе инсанлар етип тәрбиялаўда оларға арналған газеталардың орны гиреўли екенлиги анық болып қалмақта.

Басылымлар тийкарынан аудиторияның қызығыўшылығын анықлап, информацияны олардың түсинигине туўры келетуғын усылда бериў керек. Себеби, адам бир нәрсе ислеў ушын, бул оны қызықтырыўы шәрт. Балалық ҳәм жас өспиримлик дәўир излениў, үйрениў дәўири. Сондай-ақ, бул дәўирде инсанның қызығыўшылықлары өзгерип туратуғынын да есапқа алыў керек. Олардың ҳәр бирин ҳәр қыйлы информация қызықтырады, өзине тартады. Бирақ, бир нәрсе анық – бул жастағы балалардың басылымы тәрбиялаў хызметин атқарыўы лазым. Себеби, балалар психологиясы үлкенлер психологиясынан ажыралып турады. Олар адамгершилик, ҳақыйқатлыққа исенеди. Буны көбирек ўақтын балаларды ҳәр тәреплеме үйрениўге жумсаған жазыўшы К.И.Чуковский былай деп айтып өткен еди: "Еки жастан бес жасқа шекемги балалар өмири қуўанышларға, бахыт ушын қурылған. Бул болса олардың психологиялық тәрептен раўажланыўының тийкары болыўы лазым" [2:156]. Бул болса балалар ҳәм жас өспиримлер басылымларының әҳмийетин көрсетип береди: олар әлпайым болып, онда жақсылық жаманлықты, өтирикти туўрылық жеңиўи кереклигин көрсетип береди.

Жазыўшы бул пикирлерин бираз жыллар алдын айтқан болса да бүгинги күнде де әҳмийети жоқары болып қалмақта. Ал, "Жеткиншек" газетасында бул бойынша қандай жумыслар исленип атыр? Газетада материаллардың тәсиршеңлиги ҳәм нәтийжелилиги қай дәрежеде?

Пикиримизше, бул бойынша газетада жүргизип атырған жумысларын бир неше түрге бөлип қараўға болады.

1. Бас мақалалар, информациялық мақалалар, хатларға шолыўлар.
2. Түрли клублар ("Желқом", "Экоҳәрекет", "Қулағыңа гәпин бар", "Жас полиглот", "Мийрас", "Малика" ҳәм тағы басқалар).
3. Редакция хызметкерлериниң орынлардан таярлаған материаллары, муғаллимлер ҳәм кишкене хабаршылардың жазғанлары.
4. "Барлығын билгим келеди", "Жас детективлер" клублары, сондай-ақ, жаңа технологиялар, олардың пайдалы ҳәм зыянлы тәреплери туўралы материаллар.
5. Жазыўшы-шайырлардың дөретпелери, соның менен бирге жас талантлардың қысқа қосық, гүрриң, болған ўақыялары. (бул газетадағы тийкарғы тәрбиялық хызметти атқарып киятыр-***Қ.М***.).
6. Түрли кеңеслер берип барыў.

"Жеткиншек"теги ҳәр қандай бас мақала, информациялар, хатларға шолыўлардың атқаратуғын хызметлери ҳәр түрли болса да, тийкарғысы– балалар ҳәм жас өспиримлерди Ўатанға садық, билимли, инталы, ҳәр тәреплеме шыныққан инсанлар етип тәрбиялаў. Газетадағы бас мақалаларда мәмлекетлик тил, Конституция, Балалар конвенциясының тийкарғы мазмуны, атқаратуғын хызмети туўралы оқыўшылар қәўимин хабардар етип барады. Бул мақалалардан балалардың тилге болған ҳүрмети, ана-Ўатанына деген сүйипеншилиги артады. Информациялардың да тийкары усы. Мысалы, "Нәўқыран әўлад – елге саўлат" рубрикасында берилген "Мен де жәҳән чемпионы боламан" [3] информациялық мақаласында газета хабаршысы кишкене класс оқыўшысының бос ўақтында еркин гүрес пенен шуғылланып, жайнаған табысларды қолға киргизгени сөз болады.

Бул мақаланың тәсири сонда, онда балаларға өз қатарлары бос ўақтын биймәни ойынлар, түрли видеолар көриў менен емес, ал спортқа бағышлап нәтийжелерге ерискени үлги тутылады. Балалар әзелден қатарлары менен жарысқа түскиси келеди. Басқа баланың нәтийжеге ерисиўи онда да ықласты